

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskripsikeun ngeunaan: (1) kacindekan; (2) implikasi; (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna, ieu hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kaasup katégori “can mampuh” rata-rata peunteun 57,06 tina KKM \geq 75. Dumasar kana aspék-aspék nulis pangalaman pribadi anu di antaranna, aspék eusi saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Kurang Hadé” kalawan rata-rata peunteun 1,94 tina skor maksimal 4, dina aspék organisasi karangan saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,66 tina skor maksimal 4, dina aspék kosa kecap saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,53 tina skor maksimal 4, dina aspék adegan basa saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,41 tina skor maksimal 4, jeung dina aspék adegan basa saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Kurang Hadé” kalawan rata-rata peunteun 1,97 tina skor maksimal 4. Tina 34 siswa ngan aya 3 siswa anu meunang peunteun \geq 75 kalawan katégori mampuh, sedengkeun 31 siswa meunang peunteun \leq 75 kalawan katégori can mampuh. Ku kituna bisa dicindekkeun yé kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong can mampuh kalawan rata-rata peunteun 53,59.

Kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “mampuh” Rata-ratana 80,15 tina KKM ≥ 75 . Tina 34 siswa aya 30 siswa anu meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori “mampuh” sedengkeun 4 sisa deui meunang peunteun ≤ 75 kalawan katégori can mampuh. Dumasar kana aspék-aspék nulis pangalaman pribadi anu di antaranna Kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa dina aspék eusi sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Cukup Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,71 tina skor maksimal 4, dina aspék organisasi karangan sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Cukup Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,47 tina skor maksimal 4, aspék kosa kecap sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Cukup Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,09 tina skor maksimal 4, aspék adegan basa sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Cukup Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,00 tina skor maksimal 4, jeung aspék mékanik (éjahan jeung diksi) sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong “Sedeng Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,76 tina skor maksimal 4. Ku kituna bisa dicindekkeun yé kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kagolong mampuh kalawan rata-rata peunteun 80,15.

Dumasar kana hasil panalungtikan, aspék-aspék dina kamampuh nulis téks pangalaman pribadi miboga karonjatan. Anapon aspék-aspék nulis pangalaman pribadi di antaranna, aspék eusi saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-rata peunteun 1,94, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-rata peunteun 3,71. Dina aspék organiasai karangan anu asalna 2,66, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 3,47. Aspék kosa kecap saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 2,53, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 3,09. Aspék adegan basa saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* 2,41, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 3,00. Jeung aspék mékanik (éjahan jeung diksi) saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 1,97, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 2,76.

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sedengkeun tina rata-rata peunteun saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* 57,03, sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* rata-ratana 80,15. Hartina tina hasil téks kapaluruh yén kamampuh kelas VII-6 dina nulis téks pangalaman pribadi saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* téh ngaronjat dina unggal aspékna.

Sacara hasil geus katitén yén aya béda antara rata-rata saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data di uji ngagunakeun uji normalitas anu satuluyna di uji deui ngagunakeun uji hipotésis. Dumasar data panalungtikan, kapaluruh yén data hasil tina uji normalitas *Kolmogorov-Smirnov* nyaéta 0,116 atawa leuwih ti 0,05. Hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak. Ku kituna, bisa dicindekeun yén data *pre-test* jeung *post-test* miboga distribusi normal. Anapon satuluyna dilakukeun uji hipotésis ngagunakeun *paired samples t-test* nu mangrupa bagéan tina *statistic parametric*. Hasilna bisa dicindekkeun yén t itung nyaéta -15,622 kalawan signifikansina (Sig.(2-tailed)) 0,000. Nilai signifikansi $0,000 \leq 0,05$, dumasar kana kritéria bisa dicindekkeun yén H_1 ditarima jeung H_0 ditolak. Sacara déskriptif kapaluruh yén aya bédana antara kamampuh nulis téks pangalaman pribadi Siswa kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.

Nilik kana hasil angkét kualitas média ka siswa rata-rata persenanan siswa tina unggal pernyataan kagolong kritéria “satuju pisan” kana dilarapkeunna média pangajaran *Scrapbook*. Anapon salsahiji conto sfeksifikasi hasilna nyaéta tina pernyataan no.1 katitén yén 73,5% “satuju pisan”, 23,5% milih “satuju”, jeung 3% lianna milih “cukup satuju”.

5.2 Implikasi

Sabada dilarapkeunna ieu média pangajaran *Scrapbook* siswa bisa maham matéri, ogé ngaguar ide jeung gagasanna, ngajembaran pamikiranna anu satuluyna siswa bisa nyusun jeun ngébréhkeun éta ide kana wangun tulisan. Dina prakna siswa jadi leuwih aktif, sumanget, anteng, jeung fokus dina ngerjakeunna. Ieu média ogé bisa numuwuhkeun kréativitas ogé ngawangun motivasi diajar siswa.

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Katitén dina hasil rata-rata peunteun siswa sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* leuwih gedé dibandingkeun jeung saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*. Média pangajaran *Scrapbook* anu dijerona mangrupa catetan-catetan anu diwuwuhan ku foto atawa gambar ngabantu siswa pikeun nginget-ninget deui pangalaman anu kungsi karandapan, antukna siswa teu bingung nalika nyaritakeun eusi pangalamanna, ogé nuliskeun kecap munggaran. Éta hal anu ngalantarankeun peunteun siswa dina nulis téks pangalaman pribadi leuwih gedé sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*. Bisa dicindekkeun saupama ieu média pangajaran *Scrapbook* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran nulis téks pangalaman pribadi.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun dina ieu panalugtikan, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Média pangajaran *Scrapbook* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis, hususna nulis téks pangalaman pribadi.
- 2) Ieu panalugtikan bisa di mekarkeun deui ku cara ngaronjatkeun kualitas média pangajaran *Scrapbook*, bisa dijieun leuwih hadé sarta leuwih ngirut ka siswa salsahijina tina segi *design*.
- 3) Nilik kana *penggunaan* kertas anu kiwari leuwih diwatesanan (hémat), pikeun kahareupna bisa dimekarkeun deui ieu média pangajaran *Scrapbook* dina wangun digital ngaliwatan aplikasi-aplikasi *design* sangkan bisa nguragan dina *penggunaan* kertas.
- 4) Perlu diayakeun deui panalungtikan média pangajaran *Scrapbook* dina pangajaran séjén anu disaluyukeun jeung konsép média pangajaran *Scrapbook*.